Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

POU LANSE MWA ERAB LA, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU ENDISTRI ERAB K AP FLERI NAN NOUYÒK LA

Li ankouraje Nouyòkè yo patisipe nan wikenn erab k ap vini yo, 21-22 mas ak 28-29 mas, ak pwomosyon espesyal nan Sant Akèy Nouyòk yo

Eta Nouyòk klase dezyèm nan peyi a nan pwodiksyon erab, pwodiktè erab Nouyòk te pwodui 3,138,106 lit (829,000 galon) siwo erab an 2025

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 Gouvènè a pwopoze a enkli finansman pou kontinye maketing ak rechèch pou kontinye devlope endistri erab Eta a

Gouvènè Kathy Hochul jodi a ankouraje Nouyòkè yo pou sipòte pwodiktè erab lokal yo pandan Mwa Erab la epi li te mete aksan sou pwochen wikenn Erab eta a yo — ki pral dewoule 21-22 mas ak 28-29 mas — ansanm ak lòt evènman ak aktivite k ap dewoule nan Sant Akèy Nouyòk yo. Eta Nouyòk kontinye klase dezyèm nan peyi a nan pwodiksyon erab, e an 2025, endistri a te pwodui 3,138,106 lit (829,000 galon). Anplis de sa, Nouyòk kontinye rete lakay pi gwo resous pyebwa erab ki kapab fè antay nan Etazini ak plis pase 2,000 fabrikan sik erab. An rekonesans enpòtans endistri erab la pou ekonomi agrikòl Nouyòk la, Bidjè Egzekitif 2027 Gouvènè a pwopoze a gen ladan l finansman kontinyèl pou maketing ak rechèch pou kontinye devlope endistri erab la.

"Mwa erab la kòmanse ofisyèlman dimanch, sa ap ban nou tout opòtinite pou selebre premye rekòt agrikilti Nouyòk la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk plis pase 2,000 pwodiktè erab, Nouyòk kontinye rete lakay yon kominote ki pwospè ki dedye tan yo pou fè pwodui erab ki pi bon gou ak inovan nan mond lan. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo patisipe nan wikenn erab yo, aprann plis bagay sou pwosesis sik la, goute kèk nan atik klas mondyal nou yo epi pase nan Sant Akèy lokal yo a pou pwomosyon espesyal ki prezante kominote erab nou an."

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk (New York State Department of Agriculture and Markets) la, Richard Ball, te deklare, "Sezon erab la ap kòmanse atravè eta a epi anpil nan pwodiktè nou yo deja wè sèv erab la ap koule. Mwen fyè dèske Nouyòk kontinye rete youn nan pi gwo pwodiktè erab nan Etazini, epi ke pwodiktè nou yo kontinye fè kèk nan pi bon pwodui erab ki pi inovan nan peyi a ki kontribye anpil nan ekonomi nou an. Mwen ankouraje moun Nouyòk yo pou yo jwenn yon pwodiktè lokal ki toupre, ki òganize evènman pandan wikenn erab yo epi patisipe

nan tradisyon sa a ki la depi tout tan. Sa a se vrèman youn nan pi bon moman nan ane a, pandan n ap rasanble ak kominote nou yo atravè eta a pou sipòte pwodiktè erab nou yo."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Youn nan tradisyon agrikòl ki pi fyè e ki pi laj nan Nouyòk se pwodiksyon erab, ki dirije pa biznis familyal ki transmèt metye yo de jenerasyon an jenerasyon. Dedikasyon yo fè eta nou an dezyèm pi gwo pwodiktè erab nan peyi a epi yon gwo motè ekonomi lokal yo. Pandan sezon erab la ap kòmanse, mwen ankouraje tout moun pou vizite kote yo fè siwo ki toupre, rankontre pwodiktè ki dèyè travay sa a ki gen lontan, epi wè pwodiksyon erab nan Nouyòk an aksyon."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Chak ane mwen pa ka tann wikenn erab Nouyòk yo; yon siy bonè ke prentan an ap vini. Pwodiktè ki soti toupatou nan eta a ouvri pòt yo bay vizitè ki ka goute pwodwi erab pandan y ap aprann kijan yo fè siwo. Piske NY se dezyèm nan peyi a pou pwodiksyon erab, mwen pa ka panse a yon pi bon fason pou selebre endistri erab k ap grandi nou an pase pase tan ak moun k ap fè sik nou yo."

Direktris Egzekitif Asosiyasyon Pwodiktè Erab nan Eta Nouyòk la, Helen Thomas te deklare, "Wekenn Erab la se yon tradisyon ak yon selebrasyon nou tout ap tann ak enpasyans, sitou apre yon sezon ivè ki gen nèj. Se youn nan premye siy ki montre prentan ap vini. Pou 160 fèm k ap patisipe nan Maple Weekend la, se yon opòtinite pou yo ouvri pòt yo epi pataje konpetans ak pasyon ki dèyè sa y ap fè a. Nouyòk gen plis fèm familyal k ap fè siwo erab pase nenpòt lòt eta, sa vle di vizitè yo souvan wè plizyè jenerasyon k ap travay kòt a kòt. Chak fèm ki patisipe ofri yon prezantasyon edikatif oswa yon demonstrasyon, ki montre dirèkteman kijan yo fè siwo erab ak pwodwi erab yo. Pou vizitè yo, pa gen anyen tankou goute siwo erab fre ki soti dirèkteman nan sous la."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl Nouyòk (New York Farm Bureau), te deklare, "Manm nou yo reprezante yon gran varyete endistri agrikòl atravè Nouyòk, epi erab se yon komodite enpòtan. Soti nan pi piti fèm erab familyal la rive nan gwo pwodiktè yo, erab fè pati tisi ki fè agrikilti Nouyòk la espesyal. Mwen ankouraje tout moun pou yo patisipe nan wikenn erab yo pou yo goute varyete siwo, sirèt ak lòt pwodui ki estrawòdinè yo. Gen yon bagay pou tout moun."

Kòm yon pati nan lansman Mwa Erab la, Komisè Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk la, Richard A. Ball, te ansanm ak reprezantan agrikòl lokal yo ak ofisyèl eli yo pou vizite Parker Family Maple Farm, yon fèm familyal nan West Chazy, nan Konte Clinton, pou koupe pye erab anyèl Eta a. Fèm siwo erab fanmi Parker a se youn nan pi gwo etablisman siwo erab nan peyi a, epi pi gwo a nan Eta Nouyòk, li pwodui plis pase 189,270 lit (50,000 galon) siwo erab chak ane. Fèm nan, ki te kòmanse an 1889, te kòmanse kòm yon fèm letye sou 24 ekta tè ak yon operasyon sik erab. Pandan ane yo, fèm nan te pase de jenerasyon an jenerasyon e jodi a, se Michael Parker ak madanm li Laura ki dirije li, avèk èd pitit yo. Li grandi pou l gen ladan l plis pase 405 ekta tè, anviwon 100,000 kote yo tire dlo likid nan pyebwa erab yo. Biznis la genyen tou yon

restoran sezonye, sèvis forè, yon moulen bwa, pwodiksyon fwayen (zèb sèk), ak plizyè lòt aktivite ankò.

Parker Family Maple Farm se yon pati nan pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta Nouyòk (New York State Grown & Certified) la, ki fè pwomosyon pou fèm ki respekte estanda ki pi wo pou sekirite pwodui alimantè ak pratik ki favorab sou plan anviwònmantal.

Plis pase 100 pwodiktè erab patisipe nan pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta Nouyòk la, ki verifye pwodiktè agrikòl ak kiltivatè Nouyòk yo ki respekte estanda sekirite pwodui alimantè ak dirabilite anviwònmantal yo. Jwenn yon lis pwodiktè erab aktyèl ki fè pati pwogram Kiltive & Sètifye Eta Nouyòk la.

Pwopriyetè Parker Family Maple Farm, Michael Parker, te delare, "Mwen panse mwen pa pale sèlman pou tèt mwen, fanmi mwen ak fèm mwen an, men pou tout kominote pwodiktè erab nan North Country, lè m ap di kijan nou onore pou nou òganize evènman kote n ap retire likid nan erab ane sa a. Etandone nou sitiye nan kwen byen lwen Eta Nouyòk la, nou gen yon gwo repitasyon nan mond siwo erab la paske nou kapab vante tèt nou pou nou gen pi gwo pwodiksyon siwo erab nan eta nou an, pami sa ki pi wo nan peyi a. Isit la, tout moun fè siwo oubyen konnen yon moun ki fè sa, kidonk se yon gwo pati nan kilti a. Nan fanmi mwen, nou gen prèske 150 an depi n ap koupe menm pyebwa yo epi n ap viv sou menm tè a, sa ban nou rasin solid pou nou kontinye grandi. Avèk sipò Komisè Ball ak Depatman Agrikilti Eta Nouyòk la, nou espere fè pwomosyon sezon erab la pou tout moun. Nou espere vizitè yo ap jwi majik sezon erab la nan kay kote yo fè siwo nou an ak tout lòt yo atravè North Country prentan sa a!"

Wikenn Erab yo
Pandan tout mwa mas la chak ane, epi, an patikilye, pandan de dènye wikenn yo, fèm erab yo atravè eta a ouvri pòt yo bay piblik la pou bay yon chans pou yo goute bon jan kalite siwo erab, ki soti dirèkteman nan sous la, epi fè eksperyans tradisyon familyal inik nan fè siwo erab nan Eta Nouyòk. Pwodiktè yo ofri vizit ak dejene krèp, vann pwodwi siwo erab, epi demontre pwosesis kijan yo fè siwo a, ki gen ladan sistèm tradisyonèl kote yo pandye bokit nan pye bwa yo oswa metòd pwodiksyon pi modèn kote yo itilize aspiratè yo pou yo ogmante randman sèv nan chak pye bwa. Yon lis ou ka fè rechèch sou evènman Wikenn Erab yo disponib nan mapleweekend.nysmaple.com.

Pwomosyon Erab
Taste NY Markets (Mache Goute Nouyòk) la nan eta a ap mete aksan sou pwodui ak pwodiktè erab lokal inik yo pandan mwa mas la, avèk òf espesyal sou pwodui, kado, ak lòt bagay ankò. Gran pwen yo anba a:

- **Taste NY nan Sant Akèy Adirondacks la** pral prezante Bingo Erab, apati 1e mas, epi y ap ofri echantiyonaj pwodwi erab chak semèn chak jedi nan mwa mas soti 11 a.m. rive 1 p.m. Y ap òganize tou yon evènman, 'Soti nan Sèv Rive nan Siwo', nan dat 20 mas soti 11 a.m. rive 4 p.m. Evènman an ap pèmèt patisipan yo goute pwodwi erab, tankou dlo sèv, siwo lejè, siwo nwa, sik erab, ak yon kib erab di, ki soti nan men pwodiktè lokal Wild Hogs Sugar Shack ak Holly & Vine Farm & Winery. Anplis de sa, Sant Akèy Adirondacks la pral gen ekspozisyon

edikatif ak entèaktif, epi echantiyon kafe ak lèt ki gen siwo erab ak chokola cho ak erab ki fèt lokalman, ki pral vann tou sou plas.

- **Taste NY Market nan Todd Hill la** ap mete aksan sou pwodiktè lokal Soukup Farm, ki envite piblik la nan fèm nan pou goute bagay dous, tankou beye sid pòm ak siwo erab, popcorn ak siwo erab, ak sik sou nèj. Mache Todd Hill la ofri tou pwodui erab ki soti toupatou nan eta a, aktivite gratis pou timoun yo, direksyon pou ale nan pwodiktè erab ak evènman nan Hudson Valley, epi 10 pousan rabè sou tout pwodui erab ki gen ladan pwodui ki gen valè ajoute pandan Mwa Erab la.
- **Taste NY nan Sant Akèy Rejyon Kapital la** ap òganize 'Tap Into New York' nan dat 10 mas, moun ki vini yo pral kapab goute pwodui ki soti nan men machann toupatou nan Eta Nouyòk, tankou pwodiktè lokal Jourdin’s Maple Syrup ak Tree Juice.
- **Taste NY nan Sant Akèy Western NY la** pral ofri degistasyon pwodui erab chak semèn, fèy koloryaj ak aktivite gratis sou erab pou fanmi yo, yon tiraj (tombola) pou yon panyen pwodui erab (ki vo 60 dola), ak yon jwèt chas-o-trezò andan magazen an pou aprann reyalite sou erab. Patisipan yo nan chas-o-trezò a ap resevwa yon rabè 10 pousan sou acha yo fè nan mache a.

Vizite Mache Goute Nouyòk lokal ou a pou patisipe nan selebrasyon Mwa Erab yo a! Jwenn yon mache nan rejyon ou an.

Molly Vigrass, Manadjè Taste NY Market la ak Cornell Cooperative Extension nan Konte Erie, te deklare, "Erab Nouyòk la se yon vrè refleksyon sou eritaj agrikòl eta nou an. Pandan Mwa Erab la, Taste NY nan Sant Akèy Western NY la fyè pou prezante pwodiktè lokal yo tankou Merle Maple Farm, Sage Family Maple, ak Belle Hollow Farms, ansanm ak vandè erab ki soti toupatou nan eta a — sa bay kliyan yo yon fason ki gou pou sipòte kiltivatè ak pwodiktè manje sa yo ki travay di nan Nouyòk."

Shannon Onstot, Manadjè Taste NY Market la ak Cornell Cooperative Extension nan Konte Saratoga, te deklare, "Erab se vrèman eleman vital eta nou an, epi patikilyèman nan pye mòn Adirondacks yo. Pwodiktè lokal nou yo te kontinye tradisyon jenerasyon anvan yo, ki soti nan konesans endijèn yo, epi yo kontinye etone m ak enjenyozite modèn yo. Ki moun ki te konnen te gen anpil fason pou itilize ji pyebwa? Mwen goute pwodui erab menm jan mwen goute bon fwomaj ak diven - sa a se youn nan pi bon fason pou fè eksperyans tewa Nouyòk la."

Kowòdonatè Operasyon Taste NY Market la, ak Cornell Cooperative Extension pou Konte Columbia ak Greene, Ryan Douglas, te deklare, "Mwa Erab la se yon kokenn chenn opòtinite pou mete aksan sou pwodiktè erab enkwayab nan rejyon nou an. Nou fyè dèske nou sipòte vandè lokal yo epi pataje pwodwi kalite siperyè yo ak kliyan nou yo."

Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul pou Ane Fiskal 2027 la gen ladan finansman pou Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta Nouyòk la atravè asistans lokal li a pou sipòte maketing ak rechèch kontinyèl pou endistri erab la. An 2024, Gouvènè Hochul te siyen twa pwojè lwa nan gran fwa Eta

Nouyòk la pou ranfòse endistri agrikòl Nouyòk la, ki gen ladan yon nouvo lwa ki pèmèt yo lwe tè eta a pou pwodiksyon sèv.

Anplis de sa, Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk la sipòte endistri erab la tou atravè envestisman nan pwojè rechèch, tankou Arnot Teaching Forest nan Pwogram Erab Inivèsite Cornell la, ak atravè pwogram maketin Kiltive epi Sètifye Eta NY (NYS Grown & Certified) ak pwogram Goute NY (Taste NY) li yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU